АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№6 (10053)
РУЗМАН
17 февраль 2023 сон
26 РАДЖАБ 1444 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

■ ТАДБИРАЛ

# ВатIаналъул цIар цIунулаго тIерхьарал цIваби
# Даим цIунила нуж нижер ракIазулъ

**Украиналда тIобитIулеб бугеб спецоперациялда чIва- рал васазул цIарал кьуна райсобраниялъул депутатазул хIукмуялда рекъон росабалъ ругел бакIазе.**

Гьаб анкьида жаниб тIобитIана рагъулал бахIарзазул цIарал хъварал мемориалиял хъарщал рагьулел тадбирал.

ГIасаб Рукъцаде авалалда бугеб къватIалъе Къурбанов МухIамаднур МухIамадмирзаевичасул цIар кьуна. 13 февралалъ гьеб рагьулеб хIурматияб тадбир тIобитIана ГIасаб.

Гьенир гIахьаллъизе щвана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, гьесул заместитель ГIабдуразакъ Рамазанов, Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи Шамил ГIалиев, райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроев, херазул Советалъул председатель ГьитIинамухIамад ХIажиясулов, руччабазул Советалъул вакил Гулишат Ахсубалова, МухIамаднурил



эбел, гIагарлъи ва росуцоял.

БахIарчиясул цIар кьураб къватIалъул байбихьудасаго школлъималгун рилълъун щвана гIахьалчагIи мемориалияб хъарщи чIвараб бакIалде. Гьеб рагьун хадуб районалъул бетIер МухIамад ХIасановас баркала кьуна эбел-инсуе бахIарчияв вас гIезавуралъухъ. КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIигун цо кьерда ругин нилъер жакъасел бахIарзалин кIалъана гьев.

- Нилъер киналго ишазул аслулъун буго тарих. Гьеб тарихалда лъалкIги тун ана гьав бахIарчи. Абадиялъго гьеб цIар цIуни буго нилъер масъала,-ян абун кIалъана херазул Советалъул председатель Гь. ХIажиясулов.

Киналго кIалъазе рахъаралщиназ бицана ВатIан бокьиялъул, цIунизе тIадаб букIиналъул ва МухIамаднурил багьадурлъиялъул. Школалъул цIалдохъабаз хIадурун ругоан патриотикиял кучIдул цIалулел церерахъинал. Тадбиралъе ахир лъуна гIаммаб дугIаялдалъун.

(Ахир 2-леб гьум)



■ РАСУЛ ХIАМЗАТОВАСЕ -100 СОН

# ЦIалилаРАСУЛИЛ асарал




**Байрамияб хIалалъ рагьараб Расулил соналъул тадбираздаса цояблъун буго гьесул асарал цIалулеб акция.**

2023-леб сон лъугIизегIан щибаб арбагI къоялъ райадминистрациялда идарабазул нухмалъулез, мугIалимзабаз, цIалдохъабаз ва Расулил къимат гьабизе лъалелщиназ – бокьарал гьира бугез цIализе бегьула КIудияв шагIирасул тIасарищарал асараздаса куплетал. Администрациялда Расул ХIамзатовасул юбилеялде гьабураб баннергун, редакциялъ къачIан буго шагIирасул гIумруялдаса бищун гвангъарал ва аслиял лахIзатаздаса «Расулил бокIон». Гьеб бакIалда нижеца видео бахъун акциялъул гIахьалчагIи лъезе руго администрациялъул официалияб сайталда ва Телеграмм-каналалда #ЧитаемРасула хештегалда гъоркь.

Гьединго, нужеца битIизе бегьула видео редакциялъул электронияб адресалде gazeta.yedinstvo@mail.ru, хъвазе ккола «участник акции» ва бихьизабила нужерго телефоналъул номер.

Гьеб республикаялъулаб акциялъе берцинаб байбихьи лъуна «Цолъи» газеталъул коллективалъ.

**Редакция**

■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

# Районалъул къвакIарал васал



**БахIарчилъиялъул цIарал кьуразул къадар цIикIкIунеб буго спецоперациялда гIахьаллъи гьабулел ругел нилъер районцоязул. ТIадегIанал шапакъатазе мустахIикълъарал жеги лъабгоязул цIар буго бачIун, лъабалго руго Къелеб мухъалъул гIолилал. Гьел ккола контрактникал, гьединлъидал, спецоперациялда гIахьаллъи гьабулел руго тIоцебесеб къоялдаса нахъе.**

## ГЬИТIИНОВ Ильяс МухIамадович

Ругъелда-Хьиндахъа Ильяс ГьитIинов рагъда бихьизабураб бажариялъухъ ва къвакIиялъухъ мустахIикълъана БахIарчиясул орденалъе.




НИЖЕР БАЯН:

*ГьитIинов Ильяс МухIамадович гьавуна 1984 соналъ Ругъелда-Хьиндахъ росулъ. ЦIалана Ругъелда гьоркьохъеб школалда. Армиялде ахIун, тIадаб рагъулаб борч тIубазе Ильяс ккана Уссурийский краялде. Хадубккун контрактги хъван, хъулухъ тIубалев гьенивго чIана. 10 моцIалъ цеве витIана Украиналде. Гьев ккола жагъаллъараб рагъулаб техника къачIалев махщелчилъун. Рагъул корониса жагъаллъараб техника нахъе бачунаго бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ щвана гьесие тIадегIанаб шапакъат – «орден Мужества».*
*Жакъа къоялъги спецоперациялъул гIахьалчилъун вуго Ильяс МухIамадович.*

(Ахир 2-леб гьум.)

■ АВАР МАЦIАЛЪУЛ КЪОЯЛДЕ

# Рахьдал мацI-халкъалъул ракI

*ЦIале, МагIарулал, мугIрузул тарих,*
*МагIарул мацIалъул гьуинлъи лъазе.*
*Бице наслабазе, цере аразул,*
*Хадусел гIелазги рекIелъ цIунизе.*

**(Сафи Сулим,**
**магIарулазул байбихьулев шагIир)**

**МацI- гьеб ккола бищун къуватаб тIагIеллъун, щайин абуни, гьеб рахьдал мацI нилъехъе наслабаз наслабазухъе кьун щолеб буго. Рахьдал мацI лъаларев чиясда лъаларо жиндирго тарихги, адабиятги, маданиятги.**

1952 соналъул 21-леб февралалда жидерго рахьдал мацI цIунун къватIире рахъарал Бангладешалъул студентазда гьоркьосан чанго студент чIвана полициялъулаз. Гьединлъидал, 21 февралалъ гьеб къо кIодо гьабизе хIукму гьабуна ЮНЕСКОялъул генералияб конференциялъ 1999 соналъул 17-леб ноябралда. 2000-абилеб соналдаса нахъе гьеб къо кIодо гьабулеб буго халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къолъун.

Гьеб къо кIодо гьаби кIвар бугеблъун буго гIисин миллаталъул халкъазе, хасго гIемер миллатазулаб Дагъистаналъе. ГIалимзабаз чIезабун буго цо кидаялиго Дагъистаналда ругел гIемерисел мацIазул цого мацI букIин. Заман анагIан гьеб мацI батIи-батIиял мацIазде сверун буго. Гьединан нилъер рахьдал мацIги дагь-дагьккун тIагIиналъе хIинкъи буго. 2000-абилел соназдаса нахъе гIемерго дагьлъана рахьдал мацI лъазабулезул ва рахьдал мацIалда кIалъалезул къадар. Рахьдал мацI цIуниялъул тIалаб гьаби хутIана гIицIго рахьдал мацIалъул мугIалимзабазда ва миллиял СМИязул хIалтIухъабазда хадуб. Санайил дагь гьарулел рахьдал мацIалъул дарсал, дагьлъулеб миллиял газетал цIалулезул къадар, къанагIат гурони рахьдал мацIалда риччаларел тIахьаз гIемерго квешал хIасилазде рачунел руго. Жакъа гIемер дандчIвала лъимал ва цо-цо эбел-эмен нижее рахьдал мацI къваригIун гьечIилан гаргадулел. Гьединал умумузде гьабураб буго МухIамад Гунащевас гьаб кечIги:

Мегъ кIочон тараца, мацI рихараца,
НацI базабун буго Дагъистаналда.
Гьез «арендаялъе» авар мацIги кьун,
Иванил батула гьоркьоб бицунеб.
Лъималазул дарсиде ячIинчIей эбел,
ЯчIун гаргадула директорасда,
Дир гьадай яс дуца эркен гьаейин,
Гьаб цо родноялъул урокалдаса.
Эменги вукIанин дида абулев,
Трудно батани, те жибгойилан …….

Киназдего гIунтIун гIадамазда бичIчIулеб гьечIо нилъер заманалъул чи рахьдал мацI лъачIого кинго тIубаларевлъи. Рахьдал мацIалда кIалъай буго цIакъ хIажатаб жо. ГIададаго абуларо, мацIалъ пикру дурус гьабулилан. Цо-цо нухалъ нилъее загьир гьабизе бокьараб пикру сверухъ ругезда мекъи бичIчIун батула. Гьеб буго пикру битIун загьир гьабизе мацIалъул бечелъи гIечIолъиялъул хIужжа. Нилъер кIалъаялъухъ балагьун кьола гIадамаз нилъер хасияталъе къимат. Лъазе ккола нилъеда гIагараб мацIалда кицаби, бицанкIаби, кучIдул ва маргьаби. Гьелъ нилъер мацI бечед гьабула ва пасихIлъизабула. Гьединаб каламалъ гIенеккаразе лъикIаб асар гьабула ва рахьдал мацIалде рокьигун чIухIи бижизабула.

Руго цо-цо гIадамал лъикI чияр мацI лъалелги, хIатта чияр пачалихъазулцин. Бугониги, гьезиеги жидерго рахьдал мацIалъ цо хасаб асар гьабула. Киназего гуро рес бугеб рахьдал мацIалда гаргадизе. Къисматалъ цо-цоял рехула дунялалъул рагIалде, гIагарлъиялдаса рикIкIаде, ай, чияр улкаялде. Гьединаз хIаракат бахъула рахьдал мацI хъизаналда цIунизе, рокъоб гьитIинабго гIагараб чIинкIиллъи гIуцIизе. Гьелдалъун бихьула, инсан рахьдал мацIалъухъ урхъун вукIунеблъи. Гьеб ахIвал-хIалалда руго батIи-батIияб къисматалдалъун Турциялъул, Азербайджаналъул, Грузиялъул ракьазда ругел магIарулал.

Рахьдал мацI ккола нилъер умумузул къисмат, гIагараб ракьалъул тарих. Рахьдал мацIалда хъварал асарал цIалулаго цебе чIезабула некIсияб гIумру. Гьелъ бижизабула нилъер чорхолъ захIмалъабазе къуркьичIел умумуздаса чIухIи. РухIдаллъизе бачIуна цебе заманалда улбузда ва лъималазда гьоркьоб букIараб гьуинлъиялда, гIисиназ чIахIиязул гьабулеб букIараб адабалда. Гьединаб тарбия кьола рахьдал мацIалъ.

Рахьдал мацIалъул къимат гьабулес къимат гьабула жиндиргоги, жиндир халкъалъулги. Абула, мацI бугин халкъалъул ракIилан. РакIго гIадин, мацIги цо букIуна халкъалъул. РакIго гIадин, мацIги цIунизе ккола халкъалъ. Рахьдал мацI кIочене тарас бигьаго кIочене тела гIагараб гъанситоги.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ ТАДБИРАЛ

# ВатIаналъул цIар цIунулаго тIерхьарал цIваби Даим цIунила нуж нижер ракIазулъ



**(Байбихьи 1-леб гьум)**

ТIаса Бакълъухъ гьоркьохъеб школалъе сержант Халатов Нажибула Халатовичасул цIар кьолеб тадбир гIуцIун букIана 14 февралалъ.

Тадбиралда гIахьаллъизе щвана районалъул нухмалъулел ва жамгIиял гIуцIабазул церехъаби.

-КIудияб чIухIигун щун руго жакъа ниж нужехъе. Живго цIалараб школалъул тарихалда рехсезе тIадегIанаб цIарги тун арав бахIарчи ккола нилъее киназего мисаллъун,-ин абуна жиндирго кIалъаялда районалъул бетIерас.

Нажибула ракIалде щвеялъе кIалъаял гьаруна гьесие дарс кьолел рукIарал мугIалимзабаз. Школлъималаз цIалана кучIдул. Нажибулал классцояз ракIалде щвезабуна гьесул бахIарчияб гIамал гьитIинаб къоялдасаго букIараблъи. Данделъараз баркала кьуна эбел-инсуе бахIарчияв вас гIезавуралъухъ. Инсул медалалги каранда ран, гьесул бахIарачияб цIаралъул ирсилавлъун чIахIиязул мухъилъ эхетун вукIана Нажибулал вас. Гьесухъ балагьигун рекIелъ рещтIунеб букIана чIухIиги пашманлъиги жубараб асар.

ГьитIинаб росулъа лъебергоялдаса цIикIкIун чи Украиналъул спецоперациялъул гIахьалчагIи рукIин ракIалде щвезарун, киназго гьари-дугIа гьабуна гьел сах-саламатго хехаб заманалда рагъги лъугIун нахъруссине. Росдал имамасул дугIаялдалъун къана тадбир.

Росабалъе гьарурал сапаразул хIасилазда М.ХIасановас цо-цо тIадкъаялги кьуна жавабиязе. ГIасаб мемориалияб хъарщи чIвараб бакIалда битIараб майдан гьабун къачIазе лъазабуна ва ТIаса Бакълъухъ школалъул азбар ва гьенибе унеб болъо цIигьабизе буюрухъ кьуна районалъул бетIерас.

**ПатIимат МУХIАМАДОВА**

■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

# Районалъул къвакIарал васал

**(Байбихьи 1-себ гьум.)**

## ГIАЛИЕВ МухIамадрасул Дибирович



МухIамадрасул ГIалиев рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ мустахIикълъун вуго кIиго медалалъе: «За боевые отличия», «За спасение погибавших».

НИЖЕР БАЯН:




*ГIалиев МухIамадрасул гьавуна 1983 соналъ Мусрухъ росулъ. 2001-леб соналъ Ругъелда гьоркьохъеб школалда лъаялъул байбихьи щварав МухIамадрасул, цIализе уна*




*МахIачхъалаялда бугеб медучилищеялде. 2004-леб соналъ колледжги лъугIизабула, гьебго соналъ уна армиялде. 2007-леб соналдаса нахъе контрактияб хъулухъ тIубалев вуго Чачаназул республикаялъул Шали шагьаралда 47084 рагъулаб часталда.*

*РФялъул Минобороналъул министрасул араб соналъул 9-леб сентябралъ, ва 15-леб октябралъ кьурал буюрухъазда рекъон, «За боевые отличия», «За спасение погибавших» медалазе мустахIикълъана ГIалиев МухIамадрасул.*

## МАТУЛАЕВ МухIамад МухIамадгIалиевич



ХIинкъи-къай лъачIого, бахIарчияб хIалалъ тIубалеб бугеб хъулухъалъухъ МухIамад Матулаевасда бана пачалихъалъулаб шапакъат - «Суворовасул медаль».




НИЖЕР БАЯН:

*Матулаев МухIамад гьавуна 1984 соналъ Ругъелда росулъ. 2002-леб соналъ, жиндирго росулъ школа лъугIизабун хадуса, 2002-2006-лел саназ МухIамад цIалула Дагъистаналъул базаялъулаб медучилищеялда. Хадусеб соналъ уна армиялде хъулухъ гьабизе. 2011-леб соналдаса байбихьун жакъа къоял- де щвезегIан вуго контрактияб хъулухъалда. Гьев ккола Чачаназул республикаялъул Шали шагьаралда 53185 рагъулаб часталда контрактниклъун.*

*РФялъул Президентас 2022-леб соналъул 14-леб ноябралъ кьураб указалда рекъон, мустахIикълъана тIадегIанаб шапакъаталъе - «Суворовасул медалалъе».*

*Районалъул цIар борхатго ккурал гIолилазул сияхI жеги халалъайги хадубккунги. Рохаралги чIухIаралги руго нилъ бахIарчиял районалъул васаздаса.*

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# ХIебда нашидазул сордо

**15-леб февралалъ ХIебда маданияталъул кIалгIаялда маркIачIул гIужалъ тIобитIана «РекIее нашидал» абураб маданиябгун рухIияб лъай борхиялъулаб тадбир. Мажлис гIуцIараблъун букIана медиахолдниг «Аманат».**





КIалгIаялда данделъаразе хIадурун рукIана Аварагасул (с.гI.в.) ва гьесул асхIабзабазул гIумруялъул тарих, кутакалда рекIее асар гьабулел нашидал, мавлидал, викторинаби ва къиматал сайигъаталгун шапакъатал. Нашидазул сордоялда гIахьаллъи гьабизе щвана, нилъер районалда дагIваталъул бетIер ХIабибуллагь МухIамадов, районалъул жамагIат ва гьалбал. Тадбир рагьана ва нухда бачана «Аманат» медиахолдингалъул генералияв директор, Казбек районалдаса АхIмад ХIасанхановас.

Балагьизе щвараз маданияталъул кIалгIа занкIун цIун, гIодор чIезе бакIал щвечIого эхетунги рукIана. Хъизан-лъималгун цадахъ рачIарал районоял сабураб ва хIайранаб тадбиралъ пана гьарун рукIана. Нашидалгун мавлидал ахIана машгьурал «Бакълъухъ» группаялъ, Юсуф Давудбековас, назмаби цIалана Рамазан Халидовас, Хучадаса ХIамзат Урбаевас ва цогидаз. МугIрузул районазда «нашидазул сордо» тIобитIизе цIикIкIарасеб хIалтIи гьабурав, программаялъул ведущийлъун вукIарав АхIмад ХIасанхановас, гIадамасул ракI чучуледухъ, рекIее хинлъи кьун, гIажаибго берцинаб ва гIенеккизе гьира ккараб куцалда бачана тадбир.







Имам Шамилил(къ.с.) «Магъази» ва назмаби ахIулеб мехалъ, бералъ магIу ккурав чи залалда вукIинчIо. Гьоркьорго гьарулел рукIарал викторинаби ва жавабал лъаразе сайигъатаз чIаголъи кьун, лъималазеги гьира кколедухъ тIобитIана баракатаб тадбир.

КIвар бугел вагIза-хабаргун, Раджаб моцIалъул бицун цIакъ лъикIал церерахъинал гьаруна гьалбадерица.

Билетаздаса щвараб хайиралдаса цо бутIа бихьизабун буго нилъер районалъул унтарал лъималазе кумекалъе.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ТАДБИРАЛ

# Афгъаналъул ветераналракIалде щвезаруна

**15 февралалда ХIебда росулъ тIобитIана афгъаналъул рагъдаса ахирияв рагъулав хъулухъчи тIад вуссаралдаса 34 сон тIубаялъул ракIалдещвеялъул митинг.**





ГЬенир гIахьаллъана афгъаналъул ветеран НурмухIамад МухIамадаминов, районалъул бетIерасул заместитель Камиль МухIамадов, гIолилазул ишазул бетIерав специалист МухIамадрасул Хатиев, районалъул херазул Советалъул председатель ГьитIинамухIамад ХIажиясулов, ХIебда школалъул директор ГIали ЖабрагIилов, мугIалимзаби ва «Юнармия» къокъаялъул цIалдохъаби. Афгъаналда чIварал нилъер районцоязе бараб памятникалда цебе ракIалдещвеялъул тIогьол квацIи лъеялдалъун байбихьана митинг.

Тадбир рагьана ва нухда бачана МухIамадрасул Хатиевас. Пашманлъиялъул ва ракIалдещвеялъул митингалда кIалъазе рахъана Камиль МухIамадов ва ГьитIинамухIамад ХIажиясулов. Афгъаналъул ветеран Н.МухIамадаминовас баркала кьуна жидер рагъулаб нух кIочене течIого тIобитIараб тадбиралъухъ. Гьеб тадбир берцин гьабуна ХIебда школалъул 3 «а» классалъул цIалдохъабазул церерахъиналъ. ЦIалдохъаби хIадурана ХIебда школалъул байбихьул классазул мугIалим Барият ГьитIиновалъ.

Митингалъул ахиралда гьенир данделъараз рагъда чIваразе дугIа гьабуна.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

## МЕСТНЫЕ ИНИЦИАТИВЫ

Министерством экономики и территориального развития Республики Дагестан в соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 25 апреля 2016 года № 110 «О реализации на территории Республики Дагестан проектов местных инициатив» проводит конкурсный отбор проектов местных инициатив муниципальных образований Республики Дагестан для получения субсидий на их реализацию (далее конкурсный отбор).

Целью реализации на территории Республики Дагестан проектов местных инициатив является поддержка органов местного самоуправления и населения в решении наиболее актуальных проблем. Проекты от администраций муниципальных образований должны быть направлены на развитие общественной инфраструктуры, в том числе объектов благоустройства, культуры, жилищно-коммунального хозяйства, водоснабжения, водоотведения, детских и спортивных площадок, объектов туризма и прочих мероприятий, обеспечение содержания которых в соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» относятся к полномочиям органов местного самоуправления».

Одними из основных условий участия в конкурсном отборе проектов местных инициатив, является обеспечение софинансирования проекта из бюджета муниципального образования и за счет средств меценатов. В связи с чем, просим меценатов Шамильского района не оставаться равнодушными и оказать поддержку в софинансировании объектов, расположенных на территории муниципального образования «Шамильский район».

Просим жителей района принять участие в выборе проектов местных инициатив для дальнейшего представления в Министерство экономики и территориального развития Республики Дагестан.

С предложениями можете обратиться в сел. администрацию с. Тидиб, по адресу: улица Ибрагимова дом 6.

**Министерство экономики и территориального развития Республики Дагестан**

■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

# Правила поведения на льду

1. Ни в коем случае нельзя выходить на лед в темное время суток и при плохой видимости (туман, снегопад, дождь).

2. Нельзя проверять прочность льда ударом ноги. Если после первого сильного удара покажется хоть немного воды, - это означает, что лед тонкий, по нему ходить нельзя. В этом случае следует немедленно отойти по-своему же следу к берегу, скользящими шагами, не отрывая ног ото льда и расставив их на ширину плеч, чтобы нагрузка распределялась на большую площадь.

Точно так же поступают при предостерегающем потрескивании льда и образовании в нем трещин.

3. При переходе через реку пользуйтесь ледовыми переправами.

4. При вынужденном переходе водоема безопаснее всего придерживаться проторенных троп. Но если их нет, надо перед тем, как спуститься на лед, очень внимательно осмотреться и наметить предстоящий маршрут.

5. При переходе водоема группой необходимо соблюдать дистанцию друг от друга (5-6 м).

6. Замерзший водоем лучше перейти на лыжах, при этом: крепления лыж должны быть расстегнуты, чтобы при необходимости быстро их сбросить; у лыжных палок не следует накидывать их петли на кисти рук, чтобы в случае опасности сразу их отбросить. При переходе водоема на лыжах рекомендуется пользоваться проложенной лыжней. Во время движения по льду лыжник, идущий первым, ударами палок проверяет прочность льда.

7. Если есть рюкзак, его необходимо повесить на одно плечо, что позволит легко освободиться от груза в случае, если лед провалится.

8. На замерзший водоем необходимо брать с собой прочный шнур длиной 20-25 метров с большой глухой петлей на конце и грузом. Груз поможет забросить шнур к провалившемуся в воду товарищу, петля нужна для того, чтобы пострадавший мог надежнее держаться, продев ее под мышки.

9. Кататься на коньках разрешается только на специально оборудованных катках. Если каток оборудуется на водоемах, то катание разрешается лишь после тщательной проверки прочности льда и при толщине его не менее 25 см.

10. Опасно ходить и кататься на льду в одиночку в ночное время и особенно в незнакомых местах.

Памятка родителям

1. Не допускайте детей на лед водоемов (на рыбалку, катание на коньках) без присмотра.

2. Расскажите ребенку о том, что особенно опасным является лед, который покрыт толстым слоем снега. В таких местах вода замерзает намного медленнее.

3. Обратите внимание детей на то, что места на льду, где видны трещины и лунки очень опасны: при наступлении на эти места ногой лед может сразу же треснуть.

4. Объясните детям, что в случае, когда под ногами затрещал лед и стала образовываться трещина, ни в коем случае нельзя впадать в панику и бежать от опасности, необходимо лечь на лед и аккуратно перекатиться в безопасное место.

5. Если ребенок все-таки оказался в опасности и лед под ним треснул, то оповестите его о том, что нельзя прыгать на отдельно плывущую льдину, так как она может перевернуться и ребенок окажется под водой.




**Правила поведения на проезжей части**



•Не играйте вблизи проезжей части
•Переходите дорогу только в установленных местах
•Не цепляйтесь за трамваи, троллейбусы, машины
•Следите за сигналами светофора
•Не ездите на подножках и буферах троллейбусов, автобусов, автомашин

**Помните: скользкая дорога чрезвычайно опасна!**




**Последствия гипотермии в зависимости от продолжительности пребывания человека в воде разной температуры**

| Температура огч воды, С | Время до потери сознания, ч. | Время наступления вероятной смерти, ч. | Допустимое время пребывания, мин. |
|---|---|---|---|
| 10 | 0,25-0,5 | 0,25-1,5 | 3-5 |
| 10-12 | 0,5-1 | >1,5 | 10 |
| 13-15 | 2-4 | 4-5 | 20 |
| 16-18 | 2-4 | 6-8 | 30 |
| 19-21 | 3-7 | 8-10 | 40 |
| 26 | 12 | Безопасно для жизни | Безопасно для жизни |

# Основные советы и правила оказания помощи, оказавшемуся в воде

1.Не паниковать, если оказались в воде.

2.Не надо барахтаться и наваливаться всем телом на тонкую кромку льда, так как под тяжестью тела она будет обламываться.

3.Широко раскиньте руки, чтобы не погрузиться с головой под воду.

4.Обопритесь локтями об лед и, приведя тело в горизонтальное положение, постарайтесь забросить на лед ту ногу, которая ближе всего к его кромке, поворотом корпуса вытащите вторую ногу и быстро выкатывайтесь на лед.

5.Без резких движений отползайте как можно дальше от опасного места в том направлении, откуда пришли.

6. Зовите на помощь.

7. Удерживая себя на поверхности воды, старайтесь затрачивать на это минимум физических усилий.

8. Находясь на плаву, следует голову держать как можно выше над водой.

9. Активно плыть к берегу, плоту или шлюпке можно, если они находятся на расстоянии, преодоление которого потребует не более 40 мин.

10. Добравшись до плав средства или берега, надо немедленно раздеться, выжать намокшую одежду и снова надеть.

При оказании помощи:

1.Подходить к полынье очень осторожно, лучше подползать.

2.Сообщить пострадавшему криком, что идете ему на помощь, это придаст ему силы, уверенность.

3.На расстоянии 3-4 метров подайте пострадавшему веревку, шест, доску, шарф или любое другое подручное средство.

4.Подавать пострадавшему руку небезопасно, так как, приближаясь к полынье, вы увеличиваете нагрузку на лед и не только не поможете, но и сами рискуете провалиться.

Первая помощь при утоплении:

Перенести пострадавшего на безопасное место, согреть.

Повернуть утонувшего лицом вниз и опустить голову ниже таза.

Очистить рот от слизи. При появлении рвотного и кашлевого рефлексов - добиться полного удаления воды из дыхательных путей и желудка (нельзя терять время на удаление воды из легких и желудка при отсутствии пульса на сонной артерии).

При отсутствии пульса на сонной артерии сделать наружный массаж сердца и искусственное дыхание.

Доставить пострадавшего в медицинское учреждение.

**ОМВД России по Шамильскому району**

■ ОБЪЯВЛЕНИЯ

## О проведении аукциона на право заключения договора аренды земельного участка

Администрация МО «Сельсовет Тидибский» Шамильского района РД сообщает о проведении конкурса 20 марта 2023 года по продаже права на заключение договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05:33:000059:708 категорией земель сельскохозяйственного назначения, с разрешенным использованием: Пастбища, расположенное по адресу: РД, Шамильский район, сел.Тидиб в местности «Чалдухада».

Форма подачи предложений о размере арендной платы: закрытая.

Площадь земельного участка 315600 кв.м.+/- 393 кв.м. Заявления об участии в конкурсе принимаются до 14 марта 2023 года по адресу: РД, Шамильский район, сел.Тидиб, ул.И.М.Ибрагимова-6 Администрация МО «Сельсовет Тидибский».

**Глава МО «Сельсовет Тидибский» Г.А.Гусенов**

## О проведении конкурса по продаже права на заключение договора аренды земельного участка

Администрация МО «село Хотода» Шамильского района Республики Дагестан сообщает о проведении 21 марта 2023 года конкурса по продаже права на заключение договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05:33:000084:115, общей площадью 30141 +/- 1519 кв.м. из категории земель сельскохозяйственного назначения, с разрешенным видом использования: для иных видов сельскохозяйственного пользования, расположенный по адресу: 368443, Республика Дагестан, р-н Шамильский, с Хотода, в местности "ЛъуцIбогоно".

Форма подачи предложений о размере арендной: закрытая. Заявления об участии в конкурсе принимаются до 16 марта 2023 года по адресу: 368443, Республика Дагестан, р-н Шамильский, с Хотода, ул. Имама Шамиля №9

**Глава МО «село Хотода» Гаджиев М.Г.**

ЦОЛЬИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовальул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевальул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "ЦIияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гъорк.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал- ги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталь кьимат кьезелъун.
Нижер электрониябпочтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50